

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Luyu jeung masalah tur udagan panalungtikan, ieu panalungtikan didadasaran ku pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif dipaké pikeun maluruh jeung ngadéskrisikeun tradisi lisan tur ajén atikan karakter nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga, anu satuluyna hasil panalungtikan bisa jadi alternatif bahan ajar di SMA.

Makéna pamarekan kualitatif téh luyu jeung pamadegan Sugiono (2017, kc. 7), anu nétélakeun yén pamarekan kualitatif disebut ogé panalungtikan naturalistik, lantaran panalungtikna aya dina kondisi nu alamiah (*natural setting*), disebut ogé métodeu étnografi lantaran ieu métodeu leuwih sering dipaké pikeun panalungtikan dina widang antropologi budaya. Bogdan jeung Tylor (dina Moleong, 2014, kc. 4) nétélakeun yén pamarekan kualitatif salaku prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif dina kecap-kecap tinulis atawa lisan ti sababaraha jalma jeung paripolah anu diténan.

Salian ti ayana pamarekan, dina panalungtikan kudu didadasaran ku métodeu panalungtikan sangkan data anu dicangking bisa munel tur luyu jeung udagan panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripikeun tradisi nutu. Luyu jeung Arikunto (2010, kc. 203) anu nétélakeun yén métode panalungtikan nyaéta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun nyangking data, tujuan, jeung mangpaat anu tangtu. Ku kituna, aya opat sarat nu utama anu kudu diténan, nyaéta:


- 1) cara ilmiah, hartina kagiatan panalungtikan didadasaran ku ciri-ciri kaélmaan nu ngawengku *rasional, émpiris, jeung sistematis*,
- 2) data anu kacangking dina panalungtikan nyaéta data anu émpiris (diténan), miboga kritéria nu tangtu nyaéta valid,
- 3) udagan panalungtikan sacara umum sipatna *penemuan, pembuktian, dan pengembangan*, jeung
- 4) mangpaat tina hasil panalungtikan kudu bisa dipaké pikeun *memahami, memecahkan, dan mengantisipasi masalah* (Sugiono, 2017, kc. 2-4).

Sakumaha anu dijéntrékeun ku Sugiono di luhur yén métodeu panalungtikan téh kudu nyumponan opat sarat nu tangtu, ku kituna ieu panalungtikan maké métodeu étnografi. Nurutkeun Fraenkel jeung Wallen (dina Creswell, 2003, kc. 157), tujuan panalungtikan étnografi nya éta pikeun méré gambaran *holistik* subjék panalungtikan nu leuwih museur kana *pemotretan* pangalaman sapopoé individu, kalayan niténan jeung ngawawancara sumber panalungtikan jeung jalma-jalma anu aya patalina jeung panalungtikan. Sedengkeun nurutkeun Moleong (2007, kc. 26) étnografi sacara umum mangrupa *pengamatan-berperan* sarta salaku bagian tina panalungtikan lapangan.

Métodeu étnografi dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nyangking gambaran umum tradisi nutu di Kampung Kuta jeung Kampung Naga ditilik tina kajian tradisi lisan anu ngawengku bentuk anu ngawengku téks (struktur), ko-téks (élémén), kontéks (kondisi), jeung eusi anu ngawengku ajén jeung norma (pungsi jeung ma'na). Salian ti éta hasil panalungtikan bakal nganalisis ajén atikan karakter nu nyampak dina ieu tradisi nutu paré. Hasil panalungtikan satuluyna di bandingkeun sasaran jeung bédana, satuluyna dilarapkeun kana bahan ajar.

Sangkan leuwih jéntré tur tangtu dina prak-prakan panalungtikanna, ieu panalungtikan miboga desain panalungtikan. Luyu jeung pamanggih Arikunto (2010, kc. 175), desain panalungtikan nyaéta rencana anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakonan. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab.

Dumasar kana pedaran di luhur, desain panalungtikan atawa bagbagan prosés panalungtikan digambarkeun ieu di handap.



Gambar 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data jeung Tempat Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta para palaku jeung masarakat nu aya di dua tempat anu ditalungtik. Ieu hal luyu jeung pamanggih Arikunto (2010, kc. 172), anu nétélakeun sumber data panalungtikan nyaéta subjék asal ti mana






meunangkeun éta data. Sacara gurat badag sumber data ngawengku tilu rupa, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).


- 1) Jalma (*person*), nyaéta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- 2) Tempat (*place*), nyaéta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa *gerak*. Misalna anu cicing mangrupa rohangan, alat, barang, jeung anu *gerak* mangrupa kagiatan atawa aktifitas.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nyaéta sumber data nu nyadiakeun tanda-tanda anu mangrupa hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna. Dokumén-dokumén nu aya mangrupa objék pikeun métodeu studi pustaka.

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta para palaku, masarakat, jeung barang-barang nu dipaké dina tradisi nutu paré boh di Kampung Kuta boh di Kampung Naga .

- 1) Sumber data nu mangrupa jalma (*person*), nyaéta palaku utama anu ngokolakeun tradisi nutu paré. Di Kampung Kuta aya punduh (Aki Warja) jeung Gugundi (Nini Saryi) anu mingpin ieu tradisi, jeung masarakat nu ilubiung dina ieu tradisi. Sedengkeun di Kampung Naga aya nini goah (Ibu Enah), nu ngatur ieu tradisi (Aki Kirana), jeung masarakat nu ilubiung dina ieu tradisi.
- 2) Sumber data nu mangrupa tempat (*place*), nyaéta barang-barang nu dipaké, tempat lumangsungna, jeung léngkah-léngkah dina ieu tradisi.
- 3) Sumber data nu mangrupa kertas atawa dokumén (*paper*), nyaéta dokumén-dokumén tradisi nutu paré boh foto boh vidéo, pikeun ngadeudeulaan data panalungtikan.

Tabel 3.1 Data Informan

Wasta jeung Foto Informan	Umur	Padumukan	Pakasaban	Kalungguhan dina tradisi
1	2	3	4	5
<p>Nini Saryi</p> 	64 taun	Dusun Kuta Rt 01/ Rw 04 Desa Karangpaninga 1 Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis	Ibu rumah tangga	Gugundi
<p>Aki Warja</p> 	70 taun	Dusun Kuta Rt 01/ Rw 04 Desa Karangpaninga 1 Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis	Patani	Punduh
<p>Ibu Diah</p> 	52 taun	Dusun Kuta Rt 01/ Rw 04 Desa Karangpaninga 1 Kecamatan Tambaksari Kabupaten Ciamis	Ibu rumah tangga	Masarakat nu nitipkeun paré pikeun ditutu
<p>Ibu Enah</p> 	73 Taun	Kampung Naga	Ibu rumah tangga	Indung Goah
<p>Aki Kirana</p> 	80 taun	Kampung Naga	Patani	Tilas Punduh nu ngayakeun tradisi nutu paré

Wasta jeung Foto Informan	Umur	Padumukan	Pakasaban	Kalungguhan dina tradisi
1	2	3	4	5
Ibu Ooy 	44 taun	Kampung Naga	Ibu rumah tangga	Masarakat nu nitipkeun paré pikeun ditutu

Ieu panalungtikan lumangsung di dua tempat, nyaéta Kampung Kuta jeung Kampung Naga. Kampung Kuta nu aya di Désa Karangpaningal Kecamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis, sedengkeun Kampung Naga aya di Désa Neglasari Kecamatan Salawu, Kabupatén Tasikmalaya. Panalungtikan diayakeun di ieu tempat didadasaran ku lantaran tempat panalungtikan mangrupa kampung adat nu aya di wewengkon Jawa Barat nu masih nyekel pageuh kana tradisina, utamana tardisi mihormat kana paré.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

a. Téhnik Observasi

Téhnik observasi dipaké pikeun nyangking data di lapangan anu patali jeung objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakter. Panalungtik niténan langsung kagiatan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga, boh saacan tradisi nutu lumangsung, nalika tradisi nutu lumangsung, jeung saenggeus tradisi nutu lumangsung.

Luyu jeung Nasution (dina Sugiyono, 2017, kc. 226) nétélakeun yén observasi nyaéta dasar sakabéh élmu pangaweruh. Marshall (dina Sugiyono, 2017, kc. 226) nyebutkeun yén ngaliwatan observasi, panalungtik diajar ngeunaan paripolah jeung harti tina paripolah.

Dina ieu panalungtikann panalungtik téh niténan sakabéh hal anu patali jeung prak-prakan lumangsungna panalungtikan, tradisi lisan, jeung ajén atikan karakter. Ku kituna ieu panalungtikan maké téhnik observasi *partisipatoris* langsung (*direct, participatory observastion*). Téhnik observasi kudu maké *pancaindra* pikeun niténan déskripsi kagiatan, paripolah, lampah, hubungan sosial, jeung prosés sosial masarakat anu ditalungtik. Téhnik observasi dina kajian tradisi lisan maké observasi *partisipatoris* langsung (*direct, participatory observastion*), nyaéta panalungtik kudu niténan bari ilubiung pikeun nyangking informasi anu *verbal* atawa *non-verbal*, jeung panalungtikanna lumangsung sacara alamiah (Sibarani, 2012, kc 278-279).

Pikeun ngarojong téhnik observasi, panalungtik maké instrumen alat rékam vidéo jeung alat poto. Alat rékam dina kamera digital, *handphone* Xiaomi 4X, jeung DSLR, anu mangrupa alat dokumentasi pikeun ngahasilkeun gambar (*visual*) jeung vidéo (*audio visual*) anu digunakeun ku panalungtik nalika ngadokuméntasikeun prak-prakan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga.

b. Téhnik Wawancara atawa *Interview*

Pikeun nyangking data dina panalungtikan kualitatif anu patali jeung objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakter, panalungtik maké téhnik wawancara ka narasumber. Ieu panalungtikan maké téhnik wawancara *terbuka dan mendalam*. Disebut wawancara *terbuka* lantaran sipat wawancara anu méré kabébasan ka informan pikeun méré jawaban luyu jeung pikiran atawa anu dipikanyahona. Sedengkeun disebut wawancara *mendalam* lantaran panalutik kudu nyangking informasi anu nyosok jero jeung munel ti informan (Sibarani, 2012, kc 281).

Pikeun ngarojong téhnik wawancara, panalungtik maké instrumén alat rékam sora jeung alat poto. Ngarékam sora anu dipaké waktu wawancara ka narasumber nyaéta *handphone* Xiaomi 4X kalayan aplikasi rékaman sora bawaan. Alat poto dina ieu panalungtikan lumangsung dina saméméh, waktu lumangsungna, jeung saenggeus tradisi lumangsung. Alat poto anu dipaké nyaéta DSLR, kaméra digital, jeung *handphone* Xiaomi 4X.

c. Téknik Dokumentasi

Ieu panalungtikan dina ngumpulkeun data ku cara nalungtik jeung nganalisis dokumén-dokumén anu patali jeung objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakter dina tradisi nutu paré. Data nu dipaluruh mangrupa dokumén tinulis, gambar, jeung éléktronik tina wangun arsip, gambar, vidéo, atawa data séjénna anu dianggap perlu pikeun ngadeudeulan panalungtikan.

Sugiono (2017, kc. 240) nétélakeun yén dokumentasi atawa studi pustaka nyaéta catetan kajadian anu geus kaliwat, dina wangun tulisan, gambar, atawa karya-karya *monumental*. Sedengkeun Sibarani (2012, kc. 287) nyebutna métodeu dokumentasi tertulis (*written documents*), nyaéta dokumén tinulis atawa dokumén kapustakaan anu mangrupa data sekunder anu méré gambaran sajarah mangsa anu katukang tina tradisi lisan. Data kapustakaan ieu ngawengku data *audio-visual*, anu méré gambaran kontéks tina tradisi lisan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Hasil panalungtikan ngeunaan tradisi nutu nu geus dicangking bakal dianalisis luyu jeung tiori kajian tradisi lisan jeung ajén atikan karakter, sakumaha dina format ieu di handap.

- 1) Niténan data anu patali jeung objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakter nu geus dikumpulkeun.
- 2) Ngawulah-wilah data sacara objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakter.
- 3) Nganalisis data tradisi nutu paré luyu jeung objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma), ajén atikan karakter, jeung babandinganna.
- 4) Ngadéskripsikeun data tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga nu geus dicangking luyu jeung objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma), tuluy dibandingan tina objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma) jeung ajén

atikan karakter. Pikeun ngarojong kana widang atikan, hasil panalungtikan tradisi nutu paré disusun kana bahan ajar basa Sunda pikeun SMA kelas XII.

- 5) Nyieun kacindekan tina hasil data nu dipaluruh, kana wangun karya tulis ilmiah nu luyu jeung aturan nu geus tangtu.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan dipikabutuh pikeun jadi *acuan* dina panalungtikan, sangkan panalungtikan bisa ngahontal udagan jeung bisa ngajawab rumusan masalah panalungtikan. Instrumen panalungtikan bakal leuwih museur kana objék kajian tradisi lisan (téks, ko-téks, jeung kontéks, tur ajén atawa norma) jeung ajén atikan karakter nu nyampak dina tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga. Luyu jeung Arikunto (2010, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data pikeun mantuan panalungtikan sangkan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis. Rupa-rupa instrumén panalungtikan nyaéta angké, céklis (*check list*), pedoman wawancara, jeung pedoman *pengamatan*. Anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta pedoman observasi jeung pedoman wawancara.

a. Pedoman Observasi

Padoman observasi mangrupa jalan pikeun ngumpulkeun data anu nyampak di lapangan, nu karasa, katempo, jeung kadéngé ku panalungtik salila panalungtikan lumangsung.

Tabel 3.2 Pedoman Observasi Diksi jeung Ungkara

No.	Kodeu Data	Diksi jeung Ungkara	Harti
(1)	(2)	(3)	(4)
1.			
2.			
3.			
4.			
5.			

Keterangan:

A = barang atawa parabol

B = prosés

C = kadaharan

Risma Nurjatika, 2018

TRADISI NUTU PARÉ DI KAMPUNG KUTA JEUNG KAMPUNG NAGA PIKEUN BAHAN AJAR BASA SUNDA DI SMA : KAJIAN TRADISI LISAN JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

D = tempat
 E = gerakan
 F = pakéan
 G = palaku atawa sesebutan
 H = ngaran hama paré

b. Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara nyaéta alat pikeun nungtun panalungtik nalika wawancara ka narasumber, anu eusina ngeunaan biodata informan jeung daftar pertanyaan. Pedoman wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

Tabel 3.3 Pedoman Wawancara

Objék Kajian Tradisi Lisan		Indikator	Patalékan
(1)	(2)	(3)	(4)
Wangun	Téks	Diksi jeung ungkara	1) Basa naon anu dipaké dina ieu tradisi?
			2) Saha anu maké atawa ngucapkeun ieu tuturan?
			3) Naon waé tuturan anu aya dina ieu tradisi?
	4) Naha aya sesebutan husus kana prak-prakanna?		
	5) Naha aya sesebutan husus keur pakakas anu dipakéna?		
	6) Naha aya sesebutan husus pikeun éta gerakan?		
	7) Naha aya mantra dina ieu tradisi?		
	Kapamalian	8) Naha aya unsur kapamalian nu dipercaya anu patali jeung ieu tradisi?	
	Dongéng	9) Naha aya dongéng anu patali jeung ieu tradisi?	
		10) Saha waé tokoh anu aya dina dongéng nu patali jeung ieu tradisi?	
	Ko-téks	Ngaran kagiatan	11) Naon ngaran ieu kagiatan? 12) Naha dingaranan kitu?
		Palaku	13) Saha waé palaku dina ieu tradisi? 14) Saha pamingpinna? 15) Naon waé pancén unggal palaku? 16) Naon kalungguhan palaku dina ieu tradisi?
		Barang-barang dina kagiatan	17) Naon waé pakakas anu dipaké dina ieu tradisi? 18) Naon waé bahan poko pakakas anu dipaké? 19) Ti mana meunangna éta pakakas atawa kalengkepan pikeun lumangsungna tradisi?
Kadaharan dina kagiatan		20) Kadaharan naon nu dipaké dina ieu tradisi? 21) Ti mana meunangkeun éta kadaharan? 22) Naon pungsi éta kadaharan?	
Gerakan		23) Naon waé gerakan dina ieu tradisi? 24) Naha aya gerakan sakral atawa husus dina ieu tradisi?	
Tempat lumangsungna kagiatan		25) Di mana waé ieu tradisi lumangsung? 26) Kumaha ilustrasi tempatna?	
Waktu lumangsungna kagiatan.		27) Iraha waé ieu tradisi lumangsung? 28) Naha aya itungan husus pikeun lumangsuna ieu tradisi? 29) Sabaraha lila ieu tradisi lumangsung?	
Kontéks		Budaya	30) Kontéks budaya naon waé nu aya dina ieu tradisi?

Objék Kajian Tradisi Lisan		Indikator	Patalékan
(1)	(2)	(3)	(4)
		Sosial	31) Kontéks sosial naon waé nu aya dina ieu tradisi?
		Situasi	32) Kontéks situasi naon waé nu aya dina ieu tradisi?
		Idéologi	33) Kontéks idéologi naon waé nu aya dina ieu tradisi?

*Tabél diropéa tina Isnendes (2013, kc. 199)

c. Instrumén Dokumentasi

Alat rékam anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kamera digital Samsung ST90, *handphone* Xiomi 4X, jeung DSLR. Alat rékam dipaké pikeun ngadokumentasikeun gambar (*visual*) jeung vidéo (*audio visual*) anu digunakeun ku panalungtik nalika ngadokumentasikeun prak-prakan tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung di Kampung Naga.

d. Instrumén Analisis Data

Format analisis ajén atikan karakter luyu jeung Kementerian Pendidikan Nasional, anu medar 18 ajén atikan karakter, sakumaha dina tabel ieu di handap.

Tabel 3.4 Analisis Ajén Atikan Karakter

No	Kajian Tradisi Lisan	Déskripsi Kagiatan Tradisi	Ajén Atikan																		Keterangan
			a	b	c	d	e	f	g	h	i	j	k	l	m	n	o	p	q	r	
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(1)	(1)	(1)	(1)	(1)	(1)	(1)	(1)	(1)	(1)	(2)	(2)	(22)
1.	Téks	1.																			a. Religius b. Jujur c. Toleransi d. Disiplin e. Kerja keras f. Kreatif g. Mandiri h. Demokratis i. Rasa ingin tahu j. jst.
		2.																			
		3.																			
2.	Ko-téks	1.																			
		2.																			
		3.																			
3.	Kontéks	1.																			
		2.																			
		3.																			
4.	Norma	1.																			
		2.																			
		3.																			

Data nu geus dicangking salian ti dianalisis ajén atikan karakterna, dianalisis ogé babandinganna, boh sasaruanna boh bédana. Format analisis babandingan kajian tradisi lisan anu patali jeung wangun (téks, ko-téks, jeung kontéks), tur nu patali jeung eusi (ma'na, ajén, jeung kearifan lokal) anu ngangkaruk tina tradisi nutu paré di Kampung Kuta jeung Kampung Naga.

Tabel 3.5 Analisis Babandingan Kajian Tradisi Lisan

No	Papasingan	Sasaruan	Bédana	
			Di Kampung Kuta	Di Kampung Naga
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1.	Téks			
2.	Ko-téks			
3.	Kontéks			
4.	Norma			